



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 5.25 MILYON DOLA POU SIPÒTE SÈVIS
PREVANSYON ADIKSYON NAN KOMINOTE KI GEN GWO BEZWEN YO**

***Finansman federal la pral pèmèt sis founisè kreye kowalisyon sou prevansyon
ak itilizasyon sibstans pou konsantre sou bay sèvis a popilasyon ki gen gwo
bezwen yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 5.25 milyon dola kòm rekonpans pou etabli sis kowalisyon sou prevansyon ak itilizasyon sibstans nan Eta New York. Finansman an, ke Biwo Sèvis Adiksyon ak Sipò (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta a administre, pral pèmèt benefisyè yo konsantre efò prevansyon yo sou popilasyon priyorite yo; ki gen ladan Nwa, Endijèn ak moun koulè; veteran; adilt ki pi aje, moun ki gen andikap ak jèn ki gen antesedan prizon oswa lòt kontak avèk sistèm jidisyè-penal la.

"Adiksyon afekte Nouyòkè yo nan tout domèn nan lavi yo, epi administrasyon mwen an rete angaje pou l itilize tout zouti ki disponib pou li pou ede moun ki gen difikilte yo resevwa sèvis sipò yo bezwen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Agrandisman sèvis prevansyon yo pral pèmèt nou atenn plis moun ki nan bezwen epi asire n ap pran tout mezi nesèsè pou bay yon seri swen konplè pou adiksyon atravè Eta New York".

Kowalisyon prevansyon sa yo konsevwa pou pi byen angaje kominote ak popilasyon vilnerab ak izole yo nan devlope ak aplike estrateji prevansyon kont chanjman anviwònmantral. Finansman sa pral ede sis nouvo kowalisyon sa yo - de nan zòn Vil New York ak kat nan rès eta a - pou devlope inisyativ prevansyon ki apwopriye ak adapte kiltirèlman pou kominote espesifik ak popilasyon defavorize yo.

Komisè Biwo Sèvis pou Adiksyon ak Sipò a, Chinazo Cunningham, te deklare, "Kowalisyon prevansyon yo sible espesyalman nan kominote kote yo baze yo epi yo sèvi yon wòl enpòtan nan etabli sèvis prevansyon solid pou afekte chanjman nan kominote a. Finansman sa a pral pèmèt nou elaji plis pwogram enpòtan sa yo nan kominote ki defavorize yo epi atenn plis moun avèk pwogram enpòtan ki baze sou prèv, edikasyon, ak lòt efò prevansyon".

Senatè Chuck Schumer te deklare, "New York te nan avangad epidemi opyoyid la, epi se poutèt sa mwen te goumen tèlman di pou asire ke bòdwo federal pou soulajman

COVID la te genyen ladan yo ogmantasyon istorik pou ranfòse tretman, prevansyon ak sèvis rekiperasyon yo. Ranfòsman federal 5+ milyon dola sa a pral bay founisè sèvis pou adiksyon yo soti nan Long Island rive Konte Lewis resous yo bezwen pou yo kontinye sove lavi epi ede kominote defavorize yo jwenn sipò yo bezwen".

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Pandan plizyè ane, mwen te travay pou konbat maladi adiksyon ak sekirize aksè nan tretman ki sove lavi pou plizyè milyon Ameriken ki nan difikilte kounye a. Gras a patenarya ak efò san pran souf defansè yo, moun ki nan rekiperasyon yo, ak pwòch yo, mwen te fyè pou m rive ranfòse repons peyi nou an nan zafè kriz ovèdòz atravè adopsyon Lwa sou Entegrasyon Tretman Adiksyon (Mainstreaming Addiction Treatment, MAT) mwen an ak finansman pou Sibvansyon Global pou Prevansyon ak Tretman kont Abi Sibstans (Substance Abuse Prevention and Treatment Block Grant, SAPTBG) lan. Mwen rekonesan paske m gen lidè ki devwe pou travay chak jou pou pote lespwa ak bay sipò pou Nouyòkè ki plis bezwen li yo".

Yo te bay Eta New York finansman pou ekspansyon an atravè kolaborasyon ak The Research Foundation for Mental Hygiene, Inc. ak Sibvansyon Patenarya pou Siksè 2022 SAMHSA a. Chak benefisyè pral resevwa 175,000 dola chak ane pandan senk ane, pou yon total 875,000 dola.

New York Santral

- Access To Independence of Cortland County, Inc.

Finger Lakes

- Partnership for Ontario (Kowalisyon sou Prevansyon Abi Sibstans nan Konte Ontario)

Long Island

- Family & Children's Association

Vil New York

- Research Foundation of CUNY nan non Lehman College (Kolaborasyon Prevansyon Lehman)
- Riseboro Community Partnership (Patenarya RiseBoro pou Kowalisyon sou Prevansyon pou Siksè)

North Country

- Mountain View Prevention Services, Inc. (Kowalisyon Prevansyon Ini "UP!" Konte Lewis)

Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif, ki gen plizyè branch pou rezoud epidemi dòz eksèsif la, epi li te kreye yon seri swen nasyonal pou adiksyon ak sèvis konplè prevansyon, tretman, retablisman ak rediksyon domaj. Sa gen ladan agrandisman aksè nan sèvis tradisyonèl, ki gen ladan pwogram sèvis kriz, pasyan ki entènè, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl; ansanm ak tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid (Heroin and Opioid Task Force) nan Eta New York la ki te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl an 2016. Sèvis sa yo gen ladan sant retablisman yo, paviyon pou jèn yo, sèvis konpayon ki agrandi yo, ak sant aksè lib yo, ki bay evalyasyon ak referans pou swen imedya epi, depi lè sa a, te etabli sèvis sa yo nan divès kominote ozalantou eta pou ede moun ki nan bezwen yo jwenn aksè ak swen ki pi pre kote y ap viv la.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

N ap jwenn tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen pou pasyan ki entènè yo oswa pou pasyan ekstèn, lè nou itilize Tablodbò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan FindAddictionTreatment.ny.gov oswa atravè [sitwèb OASAS Eta New York la](http://sitwèb.OASAS.Eta.New.York.la).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimante obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP an pa telefòn nan 888-614-5400 oswa pa imèl nan ombuds@oasas.ny.gov.

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)